



Pou Piblikasyon Imedya: 19/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENVESTISMAN 157 MILYON DOLA NAN KAD PWOJÈ RENOUVÈLMAN PAVE NAN LONG ISLAND

*Envestisman konplete angajman Gouvènè a pou retabli wout ak pon New York yo, jan sa reflete nan [plan kapital](#) 32.8 milya dola istorik la yo adopte nan Bidjè Ane Fiskal 2023*

*Pwojè prentan ak ete sa a pral retabli 772 km liy pave nan Konte Nassau & Suffolk*

**Seksyon kle nan Long Island Expressway, Southern State Parkway, & Meadowbrook State Parkway ki dwe renove**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon envestisman 157 milyon dola pou pwojè renouvèlman pavaj k ap fèt sou kèk nan wout ki pi okipe yo nan Long Island prentan ak ete sa a. Pwojè yo pral fasilite vwayaj yo epi amelyore mobilite pou otomobilis yo nan konte Nassau ak Suffolk lè yo refè sifas apeprè 772 km liy otowout eta yo, ki gen ladan seksyon kle nan Long Island Expressway la, Southern State Parkway, ak Meadowbrook State Parkway. Pwojè yo fè pati angajman san parèy Gouvènè Hochul te pran pou retabli wout ak pon New York yo, ki gen ladan Pwogram Operasyon Pave Twou Nou yo (Operation Pave Our Potholes) Gouvènè a ki koute 1 milya dola ki te enkli nan kad [plan kapital](#) istorik, ki koute 32.8 milya sou senk ane nan bidjè eta ke yo fèk adopte a.

"Long Island gen kèk nan otowout ki pi okipe nan Etazini epi envèstisman n ap fè jodi a pral ede asire vwayaje pi dousman ak mwens traka pou plizyè dizèn milye pasaje ki itilize atè trafik enpòtan sa yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Avèk adopsyon plan kapitak istorik sa a, nou pral bay kominate yo enfrastrikti yo bezwen pou yo libere tout potansyèl yo, sa k ap amelyore koneksyon, restore wout ak pon enpòtan yo, sepi korije enjistis nan tan lontan yo. Mwen fyè pou m bay finansman pou pwojè ki pote transfòmasyon tankou sa yo, ki voye yon siyal solid ke New York ap rebati pi byen ak pi solid pase anvan an."

Otowout k ap renouvre sezon konstriksyon sa a gen ladan yon seksyon kle nan Long Island Expressway (Interstate 495) nan rejyon Iwès ak santral Konte Suffolk. Ekip yo prevwa renouvre 461 km liy ant fwontyè Nassau/Suffolk ak Sate Route 112 (Sòti 64). Jefò 80.1 milyon dola sa a gen ladan twa liy vwayaj prensipal yo, liy Veyikil ki Gen Anpil

Moun (High-Occupancy Vehicle, HOV), akotman yo, ak 62 rānp aksè/soti. An mwayèn gen 152,000 veyikil vwayaje nan seksyon sa a chak jou.

LIE a bay koneksyon ak prèske tout gwo otowout yo nan rejyon an epi li enpòtan anpil pou ekonomi Long Island pou vwayajè yo, touris yo ak sikilasyon machandiz yo. Pou diminye enpak sou sikilasyon an, gen gwo travay sou Expressway la - ki pral kòmanse pita nan semèn sa a - ki pral fèt pandan lèdtan lannwit yo epi yo pral itilize wout sèvis yo pou deviyasyon sikilasyon. Gwo travay yo pwograme pou fini nan fen 2022 a.

Meadowbrook State Parkway anblematik la, ki se yon pòtay ki bay nan Jones Beach, pral restore soti nan Merrick Road nan direksyon sid rive nan Ocean Parkway nan vil Hempstead. Sifas k ap refèt pandan lannwit lan ki se 37 km liy ap pwogrese epi yo prevwa pou li fini nan Memorial Day (Jounen Memoryal) la, si metwyo a pèmèt li. Rès pwojè 5.6 milyon dola a, ki gen ladann restorasyon akotman an gazon yo, prevwa fini nan fen ane a.

Yon pwojè renouvelman pave ki koute 23.9 milyon dola ap kòmanse tou sou yon twonson 101 km nan Southern State Parkway ant Sòti 20 (Grand Avenue/Baldwin Road) ak State Route 110 nan fwontyè Nassau/Suffolk la. Pwojè sa a, ki pwograme pou yon finisman konsiderab nan fen 2022 a, bati sou pwojè pou refè sifas ane pase a ki te lonje ant Cross Island Parkway nan fwontyè Konte Queens/Nassau ak Sòti 20. Southern State Parkway se pami wout ki pi vwayaje nan Long Island ak yon mwayèn apeprè 200,000 veyikil chak jou.

Yo planifye tou pou Southern State Parkway ane sa a restorasyon 18 km liy ant State Route 231 ak Sagtikos State Parkway nan vil Babylon ak Islip; ak reparasyon konkrè sou 55 rānp antre ak sòti nan Konte Nassau ak Suffolk.

Lòt pwojè restorasyon pave ki totalize prèske 48 km liy sou plizyè wout pral kòmanse ane sa a. Kalandriye nan sit sa yo pral varye, men yo pral fini nan fen 2023. Yo gen ladan:

- State Route 114 ant Stephen Hands Path ak tèminal Shelter Island South Ferry nan Vilaj Sag Harbor, Vilaj North Haven, ak Vil East Hampton;
- State Route 109 ant fwontyè Nassau/Suffolk ak State Route 27A nan Vil Babylo;
- State Route 25A ant Lawrence Road ak State Route 25 nan Vil Smithtown;
- State Route 111 ant Suffolk Avenue ak LIE nan Vil Islip;
- Sunrise Highway North Service Road ant Udall Road ak Manor Road nan Vil Islip;
- Sunrise Highway South Service Road ant Udall Road ak Malts Avenue nan Vil Islip.

Gouvènè Hochul te anonse envestisman enpòtan pou wout Long Island yo pandan sezón konstriksyon an ap kòmanse epi plis ekip antretyen ak travay yo pral fè reparasyon ak amelyorasyon pou asire wout yo an sekirite pou otomobilis yo. Tout

vwayajè yo ta dwe prepare pou redui vitès yo epi rete vijlan lè y ap travèse zòn travay yo.

**Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare**, "Gouvènè Hochul konprann wòl enpòtan enfrastrikti jwe nan sante kominate nou yo ak nan fòs ekonomi nou an. Pwojè sa yo nan Long Island ak envèstisman istorik n ap fè atravè eta a pral kreye yon rezò transpò modèn ki reyini moun ansam, ranfose sans kominate nou an epi kenbe ekonomi nou an grandi byen nan 21èm Syèk la."

**Senatè Eta Todd Kaminsky te deklare**, "Moun Long Island yo merite lari ki byen pave epi yo merite kondwi yon fason ki dous. Mwen te fyè dèské m te travay avèk kòlèg mwen yo nan Lejislati a, ak Gouvènè Hochul, pou m te garanti yon finansman rekò ki evalye a 157 milyon dola nan bidjè eta ane sa a pou reparé prèske 804 km wout nan Long Island epi retabli yo nan yon bon jan kondisyon. Sa ki enpòtan, plis nou garanti finansman enfrastrikti nan Albany, se mwens kontribyab lokal yo ap genyen pou yo pataje fado a."

**Senatè John Brooks te deklare**, "Aranje twou yo epi kenbe kalite wout nou yo pral toujou retet yon gwo pwoblèm pou rezidan Long Island yo. Ak kantite sikilasyon nou wè nan Long Island, epi ak efè sezonye move tan sou pave a, se yon pwoblèm nou ke nou toujou ap eseye simonte. Envestisman san parèy sa a nan renouvèlman pon ak wout nou yo pral kontribiye anpil pou asire ke vwayaj chak jou rezidan Long Island yo pral an sekirite ak fyab jan sa posib. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul paske li rekonèt sa a kòm yon bezwen enpòtan pou Long Island epi li mete finansman pou reponn ak li."

**Senatè Eta a, James Gaughran, te deklare**, "Chak rezidan Long Island yo déjà kondwi sou wout ki gen twou yo epi yo déjà fè fas ak reparasyon machin ki koute chè akoz twou yo. Se poutèt sa mwen te goumen anpil pou yon gwo finansman pou asfalte wout nan bidjè ane sa a epi mwen remèsyé Gouvènè Hochul paske li defann pwoblèm sa a."

**Senatè Eta a, Anna Kaplan, te deklare**, "Sa a se te youn nan pi move sezon twou nan Long Island nan memwa resan, epi nou bezwen fè tout sa ki nesesè pou reparé wout nou yo bon fason an. Se poutèt sa mwen te goumen yon fason fawouch pou jwenn plis lajan nan bidjè Eta nou an pou repavaj, epi gras ak patenarya ak lidèchip Gouvènè Hochul, nou te fè li, epi 157 milyon dola èd sou wout kounye a pou Long Island pou konbat kriz sa a nan kad Pwogram Operasyon Pave Twou Nou yo ki koute 1 milya dola a. Kòm toujou, mwen rekonesan pou atansyon Gouvènè Hochul bay enfrastrikti nou an nan Long Island, epi sitou konsantrasyon li sou renove wout nou yo ki ravaje ak twou."

**Senatè Eta a, Kevin Thomas te deklare**, "Wout ki difisil yo pa sèlman yon enkonvenyans pou chofè yo — yo se yon fado tou pou tout bous nou yo. Moman pou nou ranje wout nou yo, otowout yo, ak pon nou yo se kounye a. Pwojè Gouvènè Hochul te anonse yo pral kontribiye anpil pou amelyore sekirite ak kalite lavi pou tout rezidan yo nan Konte Nassau. Mwen remèsyé Gouvènè a paske li bay enfrastrikti eta nou an

priyrite, espesyalman nan Long Island, kote wout nou yo bezwen revitalizasyon yon fason dezespere."

**Manm Asanble Steve Englebright, te deklare,** "Mwen kontan dèské Gouvènè Hochul pran angajman pou amelyore wout Long Islands yo. Delegasyon Long Island la te fèk ekri pou mande pou pwojè sa yo fini rapidman. Piblik k ap kondwi a merite wout ki dous epi ki an sekirite, epi ak nouvo kantite finansman ak pwojè sa a nou tout ta dwe kòmanse wè yon amelyorasyon nan kondisyon sifas kondwi yo."

**Manm Asanble Fred Thiele te deklare,** "Apre ane negligans ak degradasyon, wout nou yo kounye a sou pwen pou yo kraze, epi rezidan Long Island yo fatige nan peye pou reparasyon veyikil yon fason konstan epi ki koute chè. Finansman sa a ke yo t ap tann depi lontan pral kontribiye anpil pou retabli wout nou yo nan kondisyon nou merite ak espere a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te reponn ak apèl elektè mwen yo ak fè patenarya pou garanti priyrite bidjetè enpòtan sa a."

**Manm Asanble Charles Lavine te deklare,** "Mwen trè kontan dèské lidèchip Demokratik la ak Gouvènè Hochul te kapab travay ansanm pou yo dakò sou bidjè sa a ki bay anpil avantaj pou rezidan Long Island yo. Envestisman an nan enfrastrikti transpò enpòtan epi li pral bay amelyorasyon reyèl pou moun ki jis bezwen rive kote yo prale san yo pa enkonvenyan ki koze pa move wout ki pa ansekirite."

**Manm Asanble Phil Ramos te deklare,** "Amelyore enfrastrikti nou yo ki aje ede kenbe chofè ak pyeton yo an sekirite, pèmèt machin yo rete sou wout la pi lontan epi kreye travay ki byen peye -- e se te yon pi gwo priyrite pou mwen nan bidjè ki fèk adopte a. Pwojè Gouvènè Hochul te anonse jodi a pral ede repare gwo wout ak pon yo nan kominate nou yo, epi yo fè pati plan kapital 32.8 milya dola san parèy mwen te goumen pou enkli nan plan depans eta a. Mwen pa ka tann pou mwen wè pwojè enfrastrikti enpòtan sa yo reyalize epi mwen pral kontinye travay ak lidè eta ak lokal yo pou mennen wout ak pon ki aje Long Island yo nan 21èm syèk la."

**Manm Asanble Michaelle Solages te deklare,** "Twou ak wout ki domaje yo se pwoblèm kalite lavi debaz ke eta nou an gen kapasite pou adrese. Mwen fyè dèské Eta New York te pwomèt 1 milya pou Operation Pave Twou nou yo, ki pral dirèkteman ale nan renouvèlman 772 km pave nan Long Island. Pwogram sa a pral diminye depans antretyen machin pou vwayajè yo ak vizitè yo nan Long Island, epi fè ale nan destinasyon ou vin yon eksperyans pi rapid epi ki gen mwens estrès."

**Manm Asanble Kimberly Jean-Pierre te deklare,** "Rezidan Long Island yo te sibi depi lontan kondisyon ki pa bon pou kondui sou wout prensipal nou yo, men gras ak lidèchip Gouvènè Hochul, bidjè yo adopte pou ane sa a ap fè envèstisman enpòtan nan enfrastrikti otowout nou yo isit la nan Long Island ak nan tout eta a. Envestisman sa yo pral rann lavi pi fasil pou vwayajè Long Island yo, chofè kamyon k ap ekspedye machandiz ale ak soti nan reyon nou an, ak sila yo k ap itilize wout nou yo pou yo ale nan anpil kote ke Long Island gen pou li ofri yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak

lidèchip nou an nan Albany paske yo te akonpli priyorite enpòtan sa a pou rejon nou an."

**Manm Asanble Steve Stern, te deklare,** "Envestisman enfrastrikti ak reparasyon wout yo enpòtan anpil pou ekonomi lokal nou an ak sekirite otomobilis nou yo. Jan rezidan Long Island yo konnen twò byen, twou yo se yon pati danjere epi ki koute chè nan vwayaj nou chak jou. Mwen fyè pou m fè patenarya ak Gouvènè Hochul sou amelyorasyon istorik sa yo nan wout lokal nou yo, ki pral kontribiye anpil pou evite domaj nan machin nou yo epi soulaje estrès vwayaj nou yo. Mwen remèsyé Gouvènè a pou lidèchip li sou pwoblèm sa a epi mwen pa ka tann pou m asire Long Island kontinye jwenn yon pati ki jis nan men Eta New York."

**Manm Asanble Taylor Darling te deklare,** "Envestisman 157 milyon dola nan Pwojè Renouvèlman Pave yo nan Konte Nassau ak Suffolk se yon bon nouvèl pou rezidan nou yo. Meadowbrook, Southern State ak LIE yo itilize pa anpil chofè nan vwayaj yo chak jou. Pandan plizyè ane, kèk pati nan Meadowbrook ak Southern State Parkway nan distri mwen an ak lòt ap deteryore, sa ki lakòz danje sekirite pou chofè nou yo. Kondisyon wout sa yo te tou koute anpil nan elektè nou yo dè milye dola enprevi nan reparasyon machin ke anpil nan nou pa kapab peye. Mwen kontan dèské Gouvènè Hochul te tande enkyetid nou yo epi li pran desizyon pou li envesti nan pave wout sa yo."

**Manm Asanble Judy Griffin te deklare,** "Li absoliman esansyèl pou Eta New York bay ase finansman pou pwojè enfrastrikti transpò lokal yo pou kenbe, repare ak amelyore sekirite wout nou yo, se poutèt sa mwen te defann yon envestisman sibstansyèl nan wout Long Island nou yo nan Bidjè Eta nou an. Mwen rekonesan dèské Gouvènè Hochul te angaje li pou li envesti 157 milyon dola pou pwojè renouvèlman pavaj esansyèl sou kèk nan wout ki pi vwayaje nou yo nan Long Island prentan ak ete sa a. Mwen konnen elektè mwen yo nan AD21 pral kontan paske nou byen konnen ki jan gwo volim sikilasyon rann Southern State ak Meadowbrook Parkways nan bezwen antretyen konstan. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul paske li koute epi li reponn ak bezwen rezidan Long Island yo. Non sèlman envestisman sa a amelyore vwayaj, amelyore sekirite wout, epi diminye domaj nan machin, men li sipòte bon jan travay pou gason ak fanm k ap travay di nan Long Island, ki ede revitalize ekonomi lokal nou an."

**Manm Asanble Gina Sillitti te deklare,** "Yè mwen te kondwi nan yon twou jeyan ak yon sak sab 50 liv ladan li. Mèsi Gouvènè Hochul pou angajman w pou w mennen lajan sa a kote yo bezwen li yon fason dezespere, ki se nan wout nou yo. Rezidan Long Island yo pa ka tann pwojè sa yo kòmanse!"

Otomobilis yo ta dwe ralanti epi deplase san danje lè y ap pwoche veyikil sou bò wout la ki afiche limyè wouj, blan, ble, anb ak vèt, ki gen ladan veyikil antretyen ak konstriksyon nan zòn travay yo.

Kontravansyon yo double lè gen eksè vitès nan yon zòn travay. Kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon eksè vitès nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans chofè yon moun.

Pou aprann plis enfòmasyon sou sa nou ap fè pou kenbe travayè ak otomobilis yo an sekirite nan zòn konstriksyon sou otowout yo ak nan Iwa Mete ou Akote a (Move Over law) New York la, vizite [www.ny.gov/workzonesafety](http://www.ny.gov/workzonesafety).

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite [www.511NY.org](http://www.511NY.org) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

Jwenn NYSDOT sou Twitter nan [@NYSDOT](#) ak [@NYSDOTLI](#). Jwenn nou sou Facebook nan [Facebook.com/NYSDOT](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)